


# Kitab Suci Bocah nyuguhaké

Wiyose  
Gusti Yesus



Ditulis déning: Edward Hughes

Digambari déning: M. Maillot  
Alastair Paterson

Dibesut déning: E. Frischbutter; Sarah S.

Diterjemahaké déning: Endang Supardan

diproduksi déning: Bible for Children  
[www.M1914.org](http://www.M1914.org)

©2020 Bible for Children, Inc.

Kowe duwé hak motokopi utawa nyithak crita iki,  
waton ora kanggo diedol.



Ing jaman kuno, Gusti Allah ngutus malaékat Jibril ngrawuhi sawijining prawan sing manis, bangsa Yahudi, jenengé Maria. Malaékat mau ngendika, "Sira bakal duwé anak, lan jenengana Yésus. Anakmu iku bakal disebut

Putrané sing Mahaluhur. Dhèwèké bakal mréntah saklawasé."



“Lho, kadospundi sagedipun  
kedadosan?” pitakonané prawan  
iku kanthi gumun. “Kula dèrèng  
kawin, dèrèng gadhah sémah”  
Malaékat ngendika marang  
Maria yen anak iku  
tekané saka Gusti  
Allah. Ora ana  
manungsa sing  
dadi bapaké.



Malaékat mau uga ngendika marang Maria, yen nak duluré, Élisabèt, nglairaké bayi sepisanan bareng wis tuwa banget. Iki uga mukjijat. Ora let suwe, Maria tilik Élisabèt. Sakaroné padha memuji Gusti Allah bebarengan.



Maria wis tunangan  
karo priya jenengé  
Yusuf. Yusuf sedhih  
atiné bareng ngerti  
yèn Maria wis  
mbobot. Dhewèké  
ngira bapaké bayi  
sing dikandhut  
kuwi mesti  
priya liya.



Ing sajrone ngimpi, malaékaté  
Allah ngendika marang Yusuf  
yèn anak iku putrané Gusti  
Allah. Yusuf didhawuhi  
mbiyantu Maria njaga  
lan ngrawat Yésus.



Yusuf percaya lan manut marang Gusti Allah. Yusuf uga manut aturaning negara. Amarga ana peraturan negara sing anyar, Yusuf lan Maria kudu ninggalaké omahe, lunga menyang kutha asal usulé,



yaiku Bèthlehèm, perluné arep mbayar pajeg.








Maria wis mèh  
wektuné nglairaké  
bayiné. Nanging Yusuf  
durung éntuk kamar  
kanggo ngaso.  
Kabèh penginepan  
wis kebak tamu.

Pungkasané Yusuf bisa éntuk sawijining kandhang.  
Ya nang kono iku Bayi Yésus lair. Ibuné nurokaké  
Bayi Yésus nang wadhah pakan  
kéwan, yaiku panggonan sing  
biasané kanggo  
ndokok  
pangané  
kéwan.



Ora adoh saka kono, ana para pangon sing lagi njaga  
wedhus-wedhusé sing padha turu.  
Malaékaté Gusti ngetingal lan  
ngendika yèn ana

kabar  
apik  
banget.



"Wis lair kanggo sira kabèh, ing dina iki, ing kuthané  
Dawud, Juru-Slamet, yaiku Gusti Kristus.  
Sira bakal ketemu karo Bayi iku,  
sumèlèh ing wadhah  
pakan  
kéwan."



Ujug-ujug, malaékat sing sumorot padhang,  
tambah akèh banget, kabèh padha  
memuji Allah, tembungé, ...



... "Kamulyakna Gusti Allah ing Ngaluhur lan tentrem rahayu ing bumi, ing antarané manungsa sing dadi renaning penggalihé Gusti Allah."



Para pangon énggal-énggal lunga menyang kandhang sing dingendikaaké malaékat. Bareng weruh Bayi iku, para pangon banjur padha nyritaaké marang kabeh wong sing ketemu, sembarang sing wis dingendikaaké dening para malaékat bab Gusti Yésus.







Patang puluh dino sakwisé  
Gusti Yésus lair, Yusuf lan  
Maria nggawa Gusti Yésus  
menyang Padaleman Suci  
ing Yerusalem. Nang  
kono ana wong lanang  
tuwa jenengé Siméon,  
memuji Allah amarga  
Bayi iku wis lair;  
kejaba kuwi ana uga  
wong wadon sing  
jenengé Hana,  
ugaabdiné Gusi, sing  
ngaturaké pamatur  
nuwun kagem  
Gusti Allah.







Wong loro mau ngerti yen Yesus iku Putrané Allah, Juruslamet sing dijanjèkaké déning Allah. Yusuf ngaturké kurban manuk loro. Kurban ini pisungsung tumrap kelairan anak sing kudu diaturaké marang Gusti Allah déning wong-wong sing kagolong miskin, miturut tatacara adat.



Ora let suwé,  
dikanthi déning  
lintang sing  
istiméwa,  
ana Para

Pandhita Ahli perkara lintang  
saka manca, negara ing tanah  
Wétan, rawuh ing Jerusalèm.



"Rajanipun tiyang  
Yahudi ingkang  
nembé lair punika  
wonten ing pundi?"  
pamundhut  
pirsané.

"Kula sami badhé sujud  
nyembah ing ngarsanipun."



Raja Herodes miyarsa  
utawa krungu bab  
rawuhé Para Pandhita.  
Panjenengané kuwatir  
lan wedi banget, banjur  
ngendika marang para  
tamu mau supaya padha  
paring kabar yèn wis  
ketemu bayi  
Yésus.




"Kula ugi kepéngin  
sujud nyembah  
ing Ngarsanipun",  
mangkono Raja  
Herodès anggoné  
ngapusi. Sakbeneré,  
Raja Herodès kepéngin  
matèni Gusti Yésus.





Lintang sing istimewa, nuntun lakuné para Pandhita tekan sawijining omah sing dienggoni Maria lan Yusuf karo Bayi Yésus. Para tamu saka adoh iku banjur padha sujud, lan ngaturaké hadhiyah sing apik-apik banget, wujud mas-masan lan wangi-wangian.



Gusti Allah ngélikaké  
para Pandhita mau  
supaya yèn mulih  
meneng-meneng waé  
ora kandha sapa-sapa.



Raja Herodhès  
nepsu banget. Saka  
kepinginé nyirnaaké Gusti  
Yésus, raja sing jahat iku  
dhawuh matèni kabèh bayi  
lanang ing Bèthlehèm.







Nanging Herodès ora  
bisa natoni Putrané  
Allah! Sajroné ngimpi  
Yusuf diélikaké supaya  
nggawa Maria lan Yésus  
nang panggonan sing  
aman ing Mesir.



Bareng Herodès  
wis séda, Yésus  
nggawa Maria lan  
Yésus mulih saka  
Mesir.



Banjur padha netep  
ing kutha cilik jenengé  
Nazarèt, cedhak tlaga Galiléa.



# Wiyose Gusti Yesus

Crita saka Pangandikané Gusti, Kitab Suci

bisa digolèki ing

Matius 1-2, Lukas 1-2

“Kawedharipun pangandika Paduka punika  
madhangi.” Jabur 119:130



cunthel



Crita Kitab Suci iki nyritaaké bab Gusti Allahé awaké dhéwé sing luwar biasa, sing nitahaké kita kabèh, sing ngersaaké supaya kowé wanuh marang Panjenengané.

Gusti Allah pirsá yèn awaké dhéwé wis nglakoni prakara sing èlek-èlek, sing disebut déning Gusti Allah, dosa. Ukumané dosa iku pepati, nanging Gusti Allah banget olèhé ngasihi marang kowe, mula ngirim Putrané Ontang Anting, utawa Putra sing ora ana Tunggale, asmané Yésus, supaya séda disalib. Yesus diukum sebab dosa-dosamu. Banjur Gusti Yésus wungu manèh saka séda lan kondur menyang Swarga! Yen kowé pracaya marang Gusti Yésus lan nyuwun pangapura tumrap dosa-dosamu, Panjenengané bakal maringi pangapura! Panjenengané bakal rawuh lan urip nang atimu saiki uga, lan kowé bakal urip bareng Panjenengané saklawasé.

Yen kowé percaya yen iki bener, mara matura marang Gusti mengkéné: Gusti Yésus ingkang kawula tresnani, kawula pitados bilih Paduka punika Gusti, lan sampun manjalma dados manungsa supados séda kanggé nyirnaaken dosa-dosa kawula, lan sakpunika Paduka sampun gesang malih. Mugi rawuha ing gesang kawula lan apuntenana sedaya dosa kawula, supados kawula nggadhahi gesang énggal ing wekdal punika, lan Bénjang badhé sesarengan kaliyan Paduka salaminipun. Mugi mitulungi kawula supados saged tansah mbangun turut dhumateng Paduka sarta gesang kagem Paduka, dados putra Paduka. Amin.

Maca Kitab Suci lan geguneman karo Gusti Yésus saben dina! Yohanes 3:16

